

DOKUMEN MADRASAH

SANGAT RAHASIA



Nama :

No :

**KANTOR KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN NGAWI
PENILAIAN AKHIR SEMESTER GANJIL MADRASAH IBTIDAIYAH
TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Hari / Tanggal	:
Kelas	: III (Tiga)	Waktu	:

I. Pilihlah satu jawaban yang benar!

1. Ngingu Kucing

Wayah awan Rina mulih sekolah, dheweke liwat galengan sawah. Rina nonton kucing cilik seng luwe. Kucing iku wernane kembang telon. Campuran soko putih, ireng lan coklat. Kucing iku banjur di wenehi siso jajane dhek mau seng arupo roti bolu kukus. Kucing iku mangan kanthi dremba banget. Banjur bolu mau entek tanpo sisa.

Kucing iku ngeong-ngeong kaya isih keluwen. Rina mesakne banget marang kucing iku. Kucing e banjur di gawa mulih. Kucing iku didusi nganti resik lan wangi. Sawise garing, kucing iku diwenehi papan turu awujud gombal. Kucing iku lulut banget marang Rina. Kucing iku dijenengake si Comel amargo lucu.

Sing dadi paraga utama ing wacan tersebut . . .

- | | |
|-----------|---------------|
| A. Kucing | C. Ibune Rina |
| B. Rina | D. Si Comel |
2. Wernane kucing seng ditemokake Rina, yaiku kembang . . .
- | | |
|-----------|-----------|
| A. Kawung | C. Telon |
| B. Asem | D. Benguk |
3. Latar papan Rina nemokake kucing, yaiku . . .
- | | |
|------------|-------------|
| A. Sekolah | C. Sawah |
| B. Pasar | D. Lapangan |
4. Panganan kang diwenehke Rina marang kucing, yaiku . . .
- | | |
|----------------|--------------------|
| A. Iwak pitik | C. Roti bolu kukus |
| B. Tahu goreng | D. Peyek kacang |
5. Sawise tekan omah kucing iku banjur . . .
- | | |
|---------------------|-----------------------|
| A. Di wenehi pakan | C. Diwenehake kandang |
| B. Di wenehi ngombe | D. Diadusi |
6. Jenenge kucinge Rina, yaiku . . .
- | | |
|-------------|-------------|
| A. Si Oren | C. Si Meong |
| B. Si Comel | D. Si Imut |
7. Ing ngisor iki kalebu kewan seng di lindungi, yaiku . . .

- A. Kucing
 - B. Macan
 - C. Bebek
 - D. Pitik walik
8. Karo tetanduran awake dewe kudu . . .
- A. Mbabat
 - B. Ora peduli
 - C. Ngrumat
 - D. Ngrusak
9. Papan kanggo nguri-nguri kewan lan tetuwuhan langka yaiku . . .
- A. Gunung
 - B. Tambak
 - C. Kebun binatang
 - D. Taman nasional
10. Tegese “Aja njagakne endhoge si blorok” yaiku . . .
- A. Aja nunggu samubarang sing durung mesthi
 - B. Aja nunggu samubarang seng uwes mesthi
 - C. Wong cilik seng nglawan wong cilik
 - D. Wong cilik seng nglawan penguasa
11. Tembung ing ngisor iki kalebu swara (a) jejeg, yaiku . . .
- A. Udan
 - B. Jaran
 - C. Ula
 - D. Pari

12. . Nandur Jagung

Jagung iku kalebu tetuwuhan palawija. Tanduran iki tuwuh nganggo wiji sing digaringake dadi winih. Winih kui banjur dipendhem ana lemah lan disiram. Nandur jagung lumrahe ditindaake ing mongso ketiga. Tetuwuhan palawija iku minangka tetuwuhan kang ora mbutuhake banyu kang akeh kanggo urip.

Ing sawijining ndina Pak Agung arep nandur jagung. Pak Agung lunga menyang pasar arep tuku winih jagung. Pak agung milih winih jagung kanthi kualitas seng paling apik. Sawise entuk winih seng apik, Pak Agung mulih nyiapake piranti lan bahan kanggo nandur jagung kayata pacul lan pupuk. Pak Agung banjur nandur jagung ing kebone.

Pokok paragraf kapisan yaiku . . .

- A. Nalika umure wes 2 sasi wohe jagung iku wes bisa di panen.
 - B. Ing sawijining dina Pak Agung arep nandur jagung.
 - C. Jagung iku tetuwuhan sing warnane kuning
 - D. Jagung iku kalebu tetuwuhan palawija
13. Pokok paragraf kapindho yaiku . . .
- A. Nalika umure wes 2 sasi wohe jagung iku wes bisa di panen.
 - B. Ing sawijining dina Pak Agung arep nandur jagung.
 - C. Jagung iku tetuwuhan sing warnane kuning
 - D. Jagung iku kalebu tetuwuhan palawija
14. Jagung lumrahe tuwuh ing mangsa . . .
- A. Udan
 - B. Ketiga
 - C. Mareng
 - D. Pancaroba
15. Tetuwuhan sing bisa digunakake kanggo obat . . .
- A. Kunyit, temulawak, sere
 - B. Mangga
 - C. Pohon cemara
 - D. Jambu biji
16. Sing dibutuhake tetuwuhan supaya subur . . .
- A. Banyu
 - B. Lemah
 - C. Tanduran
 - D. Rabuk
17. Kewan sing kalebu rajakaya . . .

- A. Sapi, kebo, wedos
 - B. Macan
 - C. Gajah
 - D. Serigala
18. Ing ngisor iki dudu titikan lapuran asil observasi, yaiku . . .
- A. Gampang dimangerteni pamaca
 - B. Disajekake kanthi jangkep
 - C. Basane narik kawigaten
 - D. Adhedasar fiksi
19. Tujuan soko teks lapuran asil observasi, yaiku kanggo . . .
- A. Ngembangake karangan
 - B. Ngentekake wektu ludhang
 - C. Pengeling-eling ing sawijine dina
 - D. Menehi informasi ngenani panaliten kang wes ditindakake dening paneliti
20. Ing ngisor iki seng ora klebu perangan teks lapuran observasi yaiku . . .
- A. Dheskripsi umum
 - B. Dheskripsi bageyan
 - C. Tapak asma
 - D. Panutup

Plesir Menyang Sarangan

Dina Minggu kepungkur, aku lan keluargaku plesir menyang Telaga Sarangan. Telaga iku dumunung ana ing Magetan Jawa Timur.

Saka omah jam wolu, aku lan keluargaku wiwit mangkat saka kutha Madiun. Ora lali sadurunge mangkat, aku lan keluargaku dedongo marang Gusti seng bisa maringi slamet. Udakara jam songo aku wes teko ing papan iki.

Sawise tekan, bapak banjur tuku tiket mlebu Telaga Sarangan. Ing Telaga Sarangan iki hawane pancen adhem lan seger, amarga ana ing palemahan seng dhuwur yaiku ana ing lereng Gunung Lawu. Telaga Sarangan iki yen di sawang pancen indah kanthi sesawangan gunung. Ing kana aku numpak jaran ngubengi pinggire Telaga Sarangan, sawise iku aku numpak kapal speed boot, nalika nupak kapal aku bisa ngrasakne segere hawa telaga Sarangan. Jam rolas awan, aku sak keluarga mulih sawise mangan sate kelinci. Atiku seneng bisa dolan ing papan indah iki.

21. Papan panggonan pengamat nindaake observasi, yaiku . . .
- A. Khuta Malang
 - B. Telaga Sarangan
 - C. Kolam renang
 - D. Akuariun
22. Pengamat wiwit mangkat saka kutha Madiun jam . . .
- A. Pitu
 - B. Wolu
 - C. Songo
 - D. Sepuluh
23. Kegiatan seng dilakokake pengamat ing waktu pengamatan jam rolas, yaiku . . .
- A. Mangan sate kelinci
 - B. Mangkat saka Madiun
 - C. Numpak kapal
 - D. Mulih saka Sarangan
24. Seng disawang pengamat nalika ing Telaga Sarangan yaiku . . .
- A. Sesawangan Telaga lan sesawangan kali
 - B. Sesawangan Telaga lan sesawangan sumur
 - C. Sesawangan Telaga lan sesawangan sawah
 - D. Sesawangan Telaga lan sesawangan gunung
25. Wacan kasebut kalebu pengalaman kang . . .
- A. Nrenyuhake
 - B. Nyedihake
 - C. Nyenengake
 - D. Ngeselake
26. Salah sawijine mupangat saka ngrungokake crita pengalaman, yaiku . . .
- A. Melu seneng
 - C. Nambahi kaweruh

- B. Melu sedih
D. Nambahi sangu
27. Ketrampilan basa kaperang dadi papat yaiku nyemak, maca, nulis lan micara. Nyritakake isi teks lapuran asil observasi iku minangka ketrampilan . . .
A. Micara
C. Nulis
B. Maca
D. Nyemak
28. Ing ngisor iki tulodho pengalaman seng nyedihake, yaiku . . .
A. Menang lomba 17 Agustus
C. Dadi juwara kelas
B. Lungo nang WBL
D. Kelangan sepedha
29. Ukara kang ngemot gagasan pokok sajroning crita diarani ukara . . .
A. Panjelas
C. Prentah
B. Utama
D. Pakon
30. Tumrap kewan lan tetuwuhan, awake dewe kudu . . .
A. Welas asih
C. Gething
B. Mateni
D. Ngejarke
31. Indonesia iku duweni iklim . . .
A. Tropis
C. Adhem
B. Subtropis
D. Panas
32. Ing ngisor iki mongso seng ana ing Indonesia, yaiku mangsa . . .
A. Gugur
C. Semi
B. Salju
D. Ketiga
33. Supaya wit-witan ora mati ing mangsa ketiga prayogane . . .
A. Disemprot pestisida
C. Disiram banyu
B. Diwenahi pupuk
D. Diresiki saka gulma
34. Banjir utawa bena iku asring kedadean ing mangsa . . .
A. Semi
C. Rendheng
B. Gugur
D. Ketiga
35. Prahara seng teka ing mangsa rendheng, yaiku . . .
A. Kobongan alas
C. Banjir bandhang
B. Kegaringan
D. Gunung mbledos
36. Ing ngisor iki kang nyebabake tanah longsor, yaiku . . .
A. Mbuwang sampah ing kali
C. Nandur wit ing alas
B. Negor wit ing alas
D. Kali sing sansoyo sempit
37. Jinise tanduran iku maneka warna. Tanduran iki ngirit banyu. Pramila, para tani biasane nandur jinis tanduran iki nalika mangsa ketiga. Tanduran iki diarani . . .
A. Pala
C. Pala kependem
B. Palawija
D. Pala gumantung
38. Salah sawijine cara nyimpen banyu udan, supaya tetep sumadya, yaiku . . .
A. Mbangun waduk
C. Nandur palawija
B. Mbangun kretag
D. Nandur pari
39. Supaya ora kentekan banyu ing mangsa ketiga becike . . .
A. Nandur wit-witan ing lemah gundul.
C. Negor wit ing alas
B. Mbuwang uwuh sak enggon-enggon.
D. Masang kran seng akeh
40. Manggsa para tani nandur pari . . .
A. Mangsa mareng
C. Mangsa rendheng
B. Mangsa panen
D. Mangsa ketiga

41. Ing bahasa Indonesia geguritan diarani . . .
- | | |
|-----------|------------|
| A. Crikak | C. Puisi |
| B. Pantun | D. Hikayat |
42. Ing ngisor iki titikane geguritan gagrag anyar, kajaba . . .
- | |
|---|
| A. Tibaning swara ing pungkasan ora kudu runtut |
| B. Tembung kapisan di wiwiti " sun gegurit " |
| C. Ora ono paugeran kang gumatok |
| D. Cacahing pada ora ajeg |
43. Ing ngisor iki titikane geguritan gagrag lawas, kejaba . . .
- | |
|---|
| A. Tibaning swara pungkasan kudu runtut |
| B. Ora ana paugeran kang guma-thok |
| C. Tembung kapisan diwiwiti " sun gegurit " |
| D. Tembunge migunakake akeh basa jawa kuna |
44. Basa sing endah mergo dihias iku arane basa . . .
- | | |
|-----------|-------------|
| A. Entar | C Macapat |
| B. Saloka | D. Rinengga |
45. Nalika maca endah geguritan kang isine babagan kaendahan alam, wirasa sing ditampilake dening pamaca geguritan yaiku . . .
- | | |
|----------|------------|
| A. Duka | C. Bombong |
| B. Sedih | D. Bungah |
46. Kasusastran Jawa kang duweni wujud arupa tulisan lan diwedharake mawa lesan dening panganggit nganggo basa sing endah, diarani . . .
- | | |
|--------------|--------------------|
| A. Geguritan | C. Tembang macapat |
| B. Paribasan | D. Wangsalan |
47. Geguritan iku klebu karya sastra . . .
- | | |
|------------|---------------|
| A. Jawa | C. Kalimantan |
| B. Sumatra | D. Papua |
48. Geguritan asale saka tembung . . .
- | | |
|-----------|----------|
| A. Gurita | C. Gurit |
| B. Guri | D. Ritan |
49. Geguritan sing ora kaiket dening paugeran . . .
- | | |
|-------------|---------------------------|
| A. Dasanama | C. Geguritan gagrag anyar |
| B. Rinengga | D. Geguritan gagrag lawas |
50. Geguritan kang nggunakake basa Jawa kuna . . .
- | | |
|-------------|---------------------------|
| A. Dasanama | C. Geguritan gagrag anyar |
| B. Rinengga | D. Geguritan gagrag lawas |

